दिन–बुधवार दिनांक–26.08.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेशक बेटी सभक सम्मान, सुरक्षा आ सशक्तिकरणक लेल आइ तीन नव पहल के शुभारंभ कयल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पटनाक ज्ञान भवन सँ पुलिस दीदी योजनाक अंतर्गत चारि हजार सात सय स्कूटर आ मोटरसाइकिल कैँ हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। एकर उद्देश्य अभया ब्रिगेड के माध्यम सँ स्कूल–कॉलेजक छात्रा लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित करब अछि। एकर संगहि मुख्यमंत्री बालिका पीएचडी फेलोशिप के सेहो शुरुआत कयलनि। एकर अंतर्गत लगभग एक हजार छात्रा लोकनि कैँ चारि वर्ष धरि हरेक मास दस हजार टाकाक मददि देल जायत। एकर अलावे, **बिहारक बेटी स्टार्टअप चैलेंज योजना** सेहो शुरू कयल गेल अछि। एकर अंतर्गत बेटी सभ कैँ अपन स्टार्टअप शुरू करबाक लेल पचास हजार सँ दू लाख टाका धरिक वित्तीय सहायता देल जायत।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पटना मे तीन महत्वपूर्ण योजना के शुभारंभ करैत कहलनि जे राज्यक बेटी सभ समृद्ध बिहारक प्रतीक बनि रहल छथि। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के दू हजार सैंतालीस धरि विकसित भारत के सपना कैँ साकार करबाक लेल राज्य सरकार प्रतिबद्ध अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे पंचायत सँ लऽकऽ प्रशासन धरि महिला लोकनिक भागीदारी सँ एक उज्ज्वल समाजक निर्माण भऽ रहल अछि।

---

रक्षाबंधनक अवसर पर बिहार राज्य पथ परिवहन निगम महिला लोकनिक लेल मुफ़्त बस यात्रा के सुविधा देबाक निर्णय कयलक अछि। सत्ताईस अगस्त के भोरे छओ बजे सँ अट्ठाईस अगस्त के राति दस बजे धरि निगमक सभ श्रेणी के लगभग एक हजार पचहत्तरि बस सभ मे महिला लोकनि बिना टिकट यात्रा कऽ सकतीह। एहि मे एसी, नॉन–एसी, डीलक्स, पीएम ई–बस आ पीपीपी मोड पर संचालित बस सभ सम्मिलित अछि। महिला लोकनि अंतरजिला आ अंतरराज्यीय मार्ग सभ पर सेहो एहि सुविधाक लाभ लऽ सकतीह।

---

नेपाल मे गंडक नदीक ऊपरी जलग्रहण क्षेत्र मे फ्लैश फ्लड के स्थिति कँ देखैत बिहार सरकार सेहो हाई अलर्ट पर अछि। राज्यक पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सारण, मुजफ्फरपुर आ वैशाली जिला सभ मे विशेष सतर्कता राखबाक निर्देश देल गेल अछि। एकरा अलावे सीतामढ़ी आ शिवहर सहित आन जिला सभक जिलाधिकारी लोकनि कँ सेहो स्थिति पर लगातार नजरि रखबाक लेल कहल गेल अछि। बगहाक पुलिस अधीक्षक राकेश कुमार पत्र जारी कऽ कहलनि अछि जे नेपालक त्रिशुल नदी मे भूस्खलन सँ गंडक के कात मे बसल गाम सभ मे बाढ़ि अयबाक प्रबल संभावना अछि। श्री कुमार सभ थानाध्यक्ष लोकनि कँ अपन–अपन क्षेत्र मे लोक सभक जान–मालक सुरक्षाक लेल तत्काल प्रभावी डेग उठेबाक निर्देश देलनि अछि। वैशालीक जिलाधिकारी वर्षा सिंह कहलनि अछि जे अगिला अड़तालीस घंटा विशेष महत्वपूर्ण अछि। ओ नीचुलका इलाका के लोक सभ सँ सुरक्षित स्थान सभ पर जयबाक अपील कयलनि अछि। स्थितिक गंभीरता कँ देखैत मुख्य सचिव प्रत्यय अमृतक अध्यक्षता मे आइ पटना मे उच्चस्तरीय समीक्षा बैसक भेल। बैसक मे मुख्य सचिव जिला सभ कँ पूर्ण रूप सँ सतर्क रहबाक आ बचाव तथा राहत सँ जुड़ल तैयारी पूरा रखबाक निर्देश देलनि।

——————————————————————

गंडक नदी मे सम्भावित जलप्रवाह कँ देखैत गोपालगंज आ बेतिया मे एनडीआरएफक एक–एक टीम तैनात कयल गेल अछि। जखनकि एक आन टीम कँ मुजफ्फरपुर मे स्टैंडबाय पर राखल गेल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे स्थिति पर नजरि राखबाक लेल उच्चस्तरीय टीम गठित कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे मुख्य सचिव आ डीजीपी लगातार मॉनिटरिंग कऽ रहल छथि। राज्य सरकार लोक सभ सँ अपील कयलक अछि जे सम्भावित बाढ़िक समाचार कँ लऽकऽ घबड़ेबाक आवश्यकता नहि अछि। प्रशासन स्थिति पर लगातार नजरि राखि रहल अछि आ बचाव तथा राहत सँ जुड़ल संसाधन सभ कँ पहिने सँ तैयार कयल जा रहल अछि। लोक सभ सँ कहल गेल अछि जे ओ सम्भावित बाढ़िक स्थिति कँ देखैत सतर्क रहथि, प्रशासनक दिस सँ जारी आधिकारिक निर्देश सभक पालन करथि आ कोनहुँ भ्रांति अथवा अफवाह पर विश्वास नहि करथि।

——————————————————————

नेपालक रसुवा क्षेत्र मे आइ भोटे कोशी नदी मे एकाएक आयल बाढ़ि कारण 384 पर्यटक लापता छथि, जाहि मे 105 भारतीय नागरिक छथि। प्रभावित क्षेत्र मे खोज आ बचाओ अभियान जारी अछि। काठमाण्डू मे भारतीय दूतावास नेपाल मे आयल बाढ़ि सँ प्रभावित भारतीय नागरिक लोकनिक मददि आ जानकारीक लेल इमरजेन्सी नम्बर 9851316807 आ 9709107500 जारी कयलक अछि।

————————————————————

पैगंबर हज़रत मोहम्मद के जन्म दिवस ईद–ए–मिलाद–उल–नबी आइ धार्मिक श्रद्धा आ आस्थाक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर पैगंबर मोहम्मदक जीवन आ शिक्षण पर मिलाद महफिल आ सीरत कँ आयोजन कयल गेल अछि। मिलाद जुलूस सेहो निकालल जा रहल अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल सैयद अता हसनैन आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी लोक सभ कँ शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————

समाप्त